CENTRAL ASIAN JOURNAL OF ACADEMIC RESEARCH IF=8.8
Volume 4, Issue 01, January 2026




# INTERNET JURNALISTIKASINDA PODKAST JAŃA FORMAT SIPATINDA

**Joldasbaeva Bibisanem Ábilqasım qızı**
Qaraqalpaq mámleketlik universiteti magistrantı
https://doi.org/10.5281/zenodo.18268211

**ARTICLE INFO**

Qabul qilindi: 10-yanvar 2026 yil
Ma'qullandi: 12-yanvar 2026 yil
Nashr qilindi: 16-yanvar 2026 yil

**KEYWORDS**

*Internet jurnalistikası, podcast, media formatları, digital jurnalistika, jańa texnologiyalar, informaciya tarqatıw, monetizatsiya..*

**ABSTRACT**

*Bul maqala internet jurnalistikasında jańa format sıpatında rawajlanıp kiyatırǵan podkasttiń áhmiyetin izertleydi. Podkastlardıń ǵalaba en jayıwı zamanagóy jurnalistikaǵa qanday tásir etip atırǵanı, onı ǵalabalastırıw,auditoriya menen pikirlesiw, tallaw hám ekspertiza júrgiziwdegi ornı sáwlelendirilgen. Izertlewde podcastlardıń abzallıqları, atap aytqanda, qolaylılıq, keń auditoriyanı qamtıp alıw imkaniyatı kórsetip ótilgen. Sonday-aq, texnologiyalıq rawajlanıw hám monetizatsiya imkaniyatları arqalı podcastlardıń rawajlanıw perspektivaları tallanadı. Maqala internet jurnalistikasında jańa tendenciyalardı úyrenip atırǵan izertlewshiler hám ámeliyatshı jurnalistler ushın paydalı bolıwı múmkin.*

Informaciya-kommunikaciya texnologiyalarınıń rawajlanıwı XX ásirdiń aqırlarında global tarmaq-internettiń keń túrde ǵalabalasıwına alıp keldi.Bul jaǵday tek ǵana kúndelikli ómirimizge emes,bálkim ǵalaba xabar qurallarınıń rawajlanıwı hám iskerlik júrgiziwine de túpten tásir kórsetti.Internet ǴXQ degende informaciyanı tarqatıw,paydalanıw hám interaktiv baylanıs quralları járdeminde informaciya aǵımın shólkemlestiriwshi,tiykarınan cifrlı ortalıqta iskerlik júrgizetuǵın ǵalaba xabar quralları túsiniledi.

**Internet-**Pútkil jáhán global kompyuter tarmaǵı.Internettiń payda bolıwı birneshe basqıshlarda bolıp ótken.Onıń tiykarǵı bólegi ARPANET bolıp 1969-jıldıń 29-oktyabr sánesinde AQSH qorǵanıw ministrligi tárepinen jaratılǵan.Biraq ol waqıttıń ótiwi menen ǵalabalasıp ápiwayı adamlar ushın qolaylı informaciya hám kommunikaciya sistemasına aylandı. Házirgi zamanagóy internet bolsa Berners-Lee tárepinen 1991-jılda jáhán órmeshek torı( WWW) joybarı sıpatında járiyalanǵannan keyin keń tarqalǵan[1].

Internet jurnalistikası hám jana formatlar

Dúnyanıń qálegen ornınan turıp informaciya alıw imkaniyatın bergen internet júdá tez pát penen rawajlanıp atırǵanı bárshemizge málim.Ol jámiyettegi barlıq tarawlar sıyaqlı jurnalistikanıda shetlep ótpedi.Insanlarda informaciyanı tez hám ańsat alıwǵa bolǵan talap kúsheydi..Sol sebepli jáhánde internet jurnalistikası jaqsı rawajlanıp,házir onda jańa formatlar

[1] https://xabar.uz/uz/texnologiya/internet-haqida-nimalarni-bilasiz

trendler payda bolmaqta hám jurnalistika zamanagóylespekte.Shet el jurnalistleri longrid,storytelling, hám bunnan basqada multimedialıq materiallarda auditoriyaǵa usınbaqta.Solar qatarında podkast formatıda áhmiyetli qurallardan biri sıpatında maydanǵa shıǵıp atır.

”Podcasting” ingliz tilindegi ”Podcasting” sózinen alınǵan bolıp “iPod” ham “broadcasting” sózleriniń birikpesinen kelip shıqqan.Ol internette radio hám telekórsetiwler stilindegi sesli hám videofayllardı jaratıw hám tarqatıw procesin bildiredi. ”Podcasting” termini birinshi márte 2004-jılı Britaniyanıń “Guardian” gazetasınıń jurnalisti B.Xemmerslidiń “Ses revolyuciyası” maqalasında qollanılǵan.Sonday-aq usı jıldıń ózinde bul termin Amerika Oksford sózligine kirgizilip, 2005-jılı “Jıl sózi” sıpatında tán alınadı.Sózlikte terminge Internetten alınatuǵın hám kompyuterde yamasa ózińiz benen alıp júretuǵın qurılmada tıńlaw múmkin bolǵan sanlı audio fayl dep anıqlama berilgen.[2]

Podcast boyınsha júdá kóp ilimpazlar anıqlama bergen. Olardıń biri A.A.Juravleva Podcast-Internet járdeminde audio hám video kontentlerdi tarqatıw formatı dep jazadı.

Qaraqalpaq mámleketlik universiteti jurnalistika kafedrası oqıtıwshısı S.Esemuratova óziniń “Puxaralıq jurnalistika hám SMM menen islesiw”kitabında “Internette jayǵastırılǵan tele hám radioesittiriwlerdiń analogı yamasa soǵan uqsas baǵdarlamanıń sanlı jazıwı”dep keltiredi.

Bizinshe podkast baslawshı hám bir neshe qatnasıwshınıń dóngelek stol dógereginde qanday da bir tema atirapında erkin sáwbet qurıwı.Podkast qaǵıydalarına kóre ol jerde mikrafon bolıwı shárt.

Podcastlardı audio hám video podkastlar dep 2 toparǵa ajratsaq boladı.Audio podkastlarda baslawshıdan tek ǵana jaǵımlı dawıs talap etilse,video podkastlarda jaqsı saylanǵan fon,baslawshı imidji dawıs áhmiyetli orın iyeleydi.Podcastlardıń intervyudan tiykarǵı ózgesheligi olardıń erkin alıp barılıwında,degen menen belgili dárejede ádep-ikramlılıq qaǵıydalarına ámel etiliwi tiyis.Sebebi internetke jayǵastırılıp atırǵan hárbir material mámleket hám xalıq haqqında pikir oyatadı. Internet jurnalistikası konteksinde podkastlar tek ǵana jańalıqlardı jetkerip beriw quralı emes, al ózine tán qarım-qatnas platforması sıpatında da ǵalabalasıp barmaqta.

Podkastlardıń ǵalabalasıwı bir qatar sebeplerge baylanıslı:

- Informaciya texnologiyalarınıń rawajlanıwı.
- Tutınıwshılardıń mobil qurılmalardan paydalanıwı.
- Uzaq tekstli maqalalarǵa qaraǵanda qısqa hám mazmunlı audio hám video kontentke qızıǵıwshılıqtıń artıwı.
- Podkastlar jurnalistikanıń dástúriy janrların (maqala, reportaj, intervyu) bayıtadı, olardı jańa auditoriyalarǵa jetkeriw ushın keń imkaniyat jaratadı.

Podkastlar tek ǵana jańalıqlardı tarqatıw emes, al jurnalistikalıq izertlewler ushın da jańa imkaniyatlar jaratadı. Máselen, oǵada quramalı temalardı tıńlawshıǵa ápiwayı hám túsinikli etip jetkeriw imkaniyatın beredi.Internet arqalı podkastlar global kólemde tıńlawshılardı qamtıp aladı. Hár qıylı tillerde jaratılǵan kontentler jergilikli jurnalistikanıń xalıqaralıq auditoriyaǵa shıǵıwına járdem beredi.Sonıń menen bir qatarda dástúriy radioesittiriw yamasa

[2] S.Esemuratova “Puxaralıq jurnalistika hám SMM menen islesiw” 2022

televideniyege qaraǵanda podcastlardı islep shıǵarıw qárejetleri birqansha arzan. Ǵárezsiz jurnalistler yamasa kishi media shólkemleri ushın bul úlken imkaniyat.

Reklama, qáwenderlik hám jazılıw sistemaları arqalı podkastlardı kommerciyalaw ańsat. Bul jurnalistlerge ekonomikalıq erkinlikti támiyinleydi.Bul arqalı podcastlardı monetizacialap dáramat tabıw múmkin.

Keleshekte podkastlar basqa formatlar menen básekilesip, birqansha interaktivlesip ketiwi kútilmekte. Bul bolsa jurnalistlerge óz auditoriyasın saqlap qalıw imkaniyatın beredi.

Podkastlar zamanagóy jurnalistikanıń jańa qırların ashıp berdi. Olar arqalı jurnalistler tek ǵana málimleme jetkerip qoymastan, al zamanagóy texnologiyalar járdeminde auditoriya menen jáne de tereń hám erkin baylanıstı jolǵa qoymaqta. Internet jurnalistikasında podkastlardıń rawajlanıwı jurnalistikalıq processlerdi innovaciyalıq baǵdarda bayıtpaqta. Olardan nátiyjeli paydalanıw bolsa texnologiyalıq imkaniyatlardan paydalanǵan halda dóretiwshilik qatnastı talap etedi.

## Paydalanılgan ádebiyatlar:

1.N.Muradova,N.Qosimova,G.Alimova,A.Dadaxonov,A.Ilyosxonova,S.Xolmatova,N.Hakimova "Online jurnalistika va mediada yangi trendlar" Tashkent 2019

2.S.Esemuratova Puxaralıq jurnalistika hám SMM menen islesiw Tashkent 2022

3. Марзияев Ж.К. и др. Этапы развития каракалпакского телевидения. Материалы Международной научно-практической конференции «Наука и образование в современном мире: вызовы XXI века». Секция 9. Филологические науки. Нур-Султан. Казахстан. 2019.

4. Марзияев Ж.К. Роль и место публицистических жанров в современной каракалпакской печати. Вестник Челябинского государственного университета. – Челябинск. № 6 (260) 2012. – Стр. 88-92.

5. https://xabar.uz/uz/texnologiya/internet-haqida-nimalarni-bilasiz